



Pou Piblikasyon Imedya: 16/10/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INOGIRASYON EKSPANSYON ALBANY CAPITAL CENTER POU YON MONTAN 54.9 MILYON DOLA

10 milyon dola Eta Nouyòk la ranfòse sant lan kòm pi gwo destinasyon pou òganize evènman ak reyinyon nan rejyon kapital la

Pwojè a konplete 400 milyon dola Gouvènè Hochul la konsènan inisyativ pou Defann Potansyèl Albany an pou revitalize anba lavil Albany an

Gouvènè Kathy Hochul te selebre jodi a inogirasyon pwojè ekspansyon Albany Capital Center (ACC) — yon etap enpòtan [ki jwenn sipò](#) ak yon investisman 10 milyon dola Eta a atravè Empire State Development ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Kapital (Capital Region Economic Development Council, CREDC) la. Ekspansyon sa make pwochen etap pou fè ACC tounen pi gwo destinasyon pou òganize evènman ak reyinyon nan Rejyon Kapital la, epi li konplete Inisyativ Gouvènè Hochul pou Defann Potansyèl Albany (Championing Albany's Potential, CAP), yon inisyativ global 400 milyon dola pou revitalize anba lavil Albany.

"Jodi a n ap inogire dènye chapit nan transfòmasyon Albany," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Albany Capital Center deja pwouve li se yon poto mitan pou touris ak aktivite ekonomik nan Rejyon Kapital la. Ekspansyon sa a pral pèmèt plis rezidan, biznis ak vizitè dekouvri tout sa ki fè vil Albany dinamik — soti nan kongrè ak ekspozisyon rive nan evènman kiltirèl ki ranfòse ekonomi lokal la ak fyète kominotè a."

Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Inogirasyon travay ekspansyon Albany Capital Center a reflète vizyon Gouvènè Hochul genyen pou yon kapital ki pi solid ak pi konekte. Lè nou investi nan espas modèn ak fleksib ki atire konferans ak evènman klas mondyal, nou ap kreye djòb, estimile aktivite ekonomik, epi n ap fè pwogrese Inisyativ pou Defann Potansyèl Albany an pou asire kapital Nouyòk la pwospere pandan plizyè jenerasyon k ap vini yo."

Ko-Prezidan CREDC, Ruth H. Mahoney ak Havidán Rodríguez, te deklare, "Ekspansyon Albany Capital Center a aliyen ak plan rejyonal nou pou pwomouvwa kwasans ekonomik lokal. Pwojè tankou sa yo, ki kontribye nan devlope youn nan pi gwo resous Anba Lavil Albany, pral ede ankouraje nouvo investisman epi maksimize potansyèl nwayo iben vil la. Nan non tout Konsèy Rejyonal la, nou kontan sipòte nouvo devlopman sa a."

Direktè Egzekitif ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Sant Konvansyon Albany an, Monica Kurzejeski, te deklare "Nou trè fyè de sa nou deja reyalize nan mwens pase yon deseni nan Albany Capital Center, epi nou vrèman eksite de sa ekspansyon sa a pral pote pou pwochen deseni an ak plis toujou. Grasa lidèchip inebranlab Gouvènè Hochul ak lespri kolaborasyon patnè gouvènman lokal nou yo, nou ap konstwi ansanm yon espas dinamik ki pral leve kominote nou an, akeyi vizitè yo, epi fè ekonomi nou an grandi."

Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te deklare, "Pandan n ap lanse ekspansyon Albany Capital Center a, ACC pa sèlman ap ogmante espas li; li ap konekte yon istwa rich ak inovasyon modèn. Pandan n ap kreye yon sinèji dinamik ant pwopriyete istorik ki sou State Street ak enstalasyon dènnye kri nou yo sou Eagle Street la, pwojè a pral ofri opòtinite eksitan pou kwasans ekonomik, touris, ak yon avni pi briyan pou Konte Albany. Mèsi Gouvènè Hochul pou investisman 10 milyon dola sa a."

Prezidan Lejislati Konte Albany a, Joanne Cunningham, te deklare, "Tout moun ki rete, ki travay, epi ki vizite Konte Albany pote viktwa jodi a. Yon remèsiman sensè pou Gouvènè Hochul ak ekip li a paske yo kwè epi investi nan kapital la, epi ajoute yon pyès kle nan patenarya sa a ant Eta Nouyòk, Konte Albany, ak Otorite Sant Konvansyon Albany (Albany Convention Center Authority) an. Vag aktivite ekonomik ki soti nan ekspansyon sa a — ki baze sou yon relasyon pwofesyonèl eksepsyonèl ant Konte a ak Otorite Sant Konvansyon an — pral rapòte plizyè dizèn milyon dola nan anba lavil Albany ak nan tout Konte Albany. Nou kontan anpil pou n fè pati ekip enkwayab sa a ki reyalize travay la, mete lwa lokal yo an plas, kolabore ak kòlèg nou yo nan eta a, epi louvri chemen pou ekspansyon sa a n ap selebre jodi a."

Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare, "Ekspansyon Albany Capital Center se yon gwo viktwa pou ekonomi Rejyon Kapital la, epi pou revitalizasyon kontinyèl anba lavil Albany an. Investisman sa a pral ede atire plis vizitè, epi kreye nouvo opòtinite pou biznis lokal yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Empire State Development ak Konte Albany pou patenarya kontinyèl yo nan fè pwogrese kwasans Rejyon Kapital la."

Manm asanble Gabriella A. Romero te deklare, "Inogirasyon ekspansyon Albany Capital Center se yon avanse fòmèdab pou Albany ak tout Rejyon kapital la. Grasa yon investisman 10 milyon dola eta a, pwojè sa a ap pèmèt non sèlman pou ogmante kapasite nou pou akeyi gwo evènman, men tou li pral ranfòse ekonomi Albany ak pozisyon li kòm yon destinasyon prensipal pou biznis ak touris. Sa a konplete pafètman inisyativ nou an pou Defann Potansyèl Albany, k ap revitalize anba lavil Albany epi kreye opòtinite dirab pou biznis ak rezidan lokal yo. Mwen eksite pou m wè Albany kontinye grandi ak pwospere, epi mwen rekonesan pou investisman kontinyèl Gouvènè a nan vil la nou toulede konsidere kòm lakay nou."

Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare, "Ekspansyon Albany Capital Center a se yon etap kle pou pozisyon vil nou an kòm yon destinasyon prensipal pou gwo evènman kiltirèl, konferans, ekspozisyon komèsyal, ak anpil lòt bagay ankò. Pwojè

enpòtan sa a pral alimante kwasans ekonomik la epi l ap ofri bèl opòtinite pou mete an valè kilti ak atou dinamik vil nou an, e mwen vrèman eksite paske n ap inogire travay la jodi a. Mèsi Gouvènè Hochul pou finansman enpòtan sa a ki pèmèt ekspansyon sa a posib, epi mèsi a lidèchip Otorite Sant Konvansyon Albany an pou vizyon yo genyen pou dirije amelyorasyon enpòtan sa a nan Albany Capital Center. Mwen pa ka tann pou m wè kijan pwojè sa a, ansanm ak investisman 400 milyon dola Gouvènè Hochul la nan Anba Lavil Albany, ap ede katalize plis investisman toujou epi fè nouvo katye nou an ak tout vil nou an vin pi solid toujou."

Pwojè 54.9 milyon dola sa a ki sitiye nan 126 State Street la pral pèmèt agrandi espas reyinyon ak evènman yo pou reponn ak demann k ap grandi nan endistri a. Pwojè sa a pral ajoute senk nouvo sal reyinyon, yon gwo sal milti-fonksyonèl, yon nouvo sal pou bal ak yon espas resepsyon nan premye etaj la, epi yon lakou plis ke 278 mètr kare (3,000 pye kare) pou evènman anplennè yo. Lè yo fini, espas ACC a ki disponib pou lwe ap ogmante pou rive apeprè 7,800 mètr kare (84,000 pye kare) — sa pral pèmèt li òganize evènman ki pi gwo ak pi dinamik, epi vin yon motè ekonomik enpòtan pou anba lavil Albany.

Depi li te ouvri pòt li an 2017, ACC a te òganize plis pase 1,200 evènman ki te akeyi plis pase 660,000 vizitè, sa ki te jenere 100 milyon dola nan nouvo depans touristik, e ki te ajoute plis pase 138,000 nwit chanm otèl nan Rejyon Kapital la.

Defann Potansyèl Albany an

Bidjè Gouvènè Hochul pou ane fiskal 2026 la te etabli Inisyativ pou Defann Potansyèl Albany an (CAP), yon efò kolaboratif ki plis pase 400 milyon dola, Eta a te dirije, pou revitalize anba lavil Albany an patenarya ak kominote lokal la. Sa gen ladan l 200 milyon dola nan finansman pou planifye epi aplike pwojè ki pral revitalize koridò komèsyal yo, ranfòse ti biznis yo, ankouraje kwasans lojman, epi revitalize byen imobilye ak espas ouvè ki pa itilize ase. Inisyativ CAP la gen ladan l tou jiska 150 milyon dola pou transfòme eksperyans kiltirèl nan Anba Lavil Albany ak ozalantou tankou Mize Eta a, jiska 40 milyon dola pou avanse plan pou rekonekte kominote ki divize pa Otowout Entès-Eta Interstate 787 la ak 1.5 milyon dola pou amelyorasyon sekirite piblik. Pandan ete sa a, Gouvènè Hochul [te lanse](#) premye atelye piblik Inisyativ CAP la sou Estrateji Anba Lavil Albany an, ki te dewoule nan Albany Capital Center. Atelye a te atire plis pase 700 patisipan, ki gen ladan rezidan Albany ak patnè ki soti nan biznis, inivèsite ak gouvènman.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)